# *Ламаз эцар*

**1. Куьгаш дуьлу:** Везан Дела, сан ши куьг массо а къинойх ларделахь!

**2. Бага хи кхорзур ду:** Везан Дела, Хьо хьехон а, Хьайн пусар дан а г1о делахь сунна!

**3. Мера чу хи кхорзур ду:** Везан Дела, ялсманан хьожа кхетийталахь сунна!

**4. Юьхь юьлур ю:** Ас ниийят ди ламаз эцаран фарзаш кхочуш дан. Везан Дела, Хьан гергарчу нехан яххьаш к1айлуш, мостаг1ийн яххьаш 1аржлучу дийнахь сан юьхь к1ай елахь!

**5. Аьтту пхьарс:** Везан Дела, сан тептар соьга аьтту аг1ор лолахь, сан хьесап атта а делахь!

**6. Аьрру пхьарс:** Везан Дела, сан тептар соьга аьрру аг1ор а, букъа т1ехьара а ма лолахь!

**7. Коьртана масхьу дар:** Везан Дела, сан дег1 а, сан чо а жоьжахатана хьарам делахь!

**8. Лергашна масьху дар:** Везан Дела, со айхьа бохург хезаш а, деш а болчех велахь!

**9. Когаш буьлуш:** Везан Дела, къемат дийнахь сурт – т1ай т1ехь когаш шершачу дийнахь сан ши ког ца шаршийтуш сацабелахь цунна т1ехь!